

# The Wise Men Worship Jesus

**Matthew 2:1-12** - *The Wise Men Worship Jesus*

Now after Jesus was born in Bethlehem of Judea in the days of Herod the king, behold, wise men from the east came to Jerusalem, 2 saying, “Where is He who has been born King of the Jews? For we saw His star when it rose and have come to worship Him.”

3 When Herod the king heard this, he was troubled, and all Jerusalem with him; 4 and assembling all the chief priests and scribes of the people, he inquired of them where the Christ was to be born.

5 They told him, “In Bethlehem of Judea, for so it is written by the prophet:

6 ‘And you, O Bethlehem, in the land of Judah,  
are by no means least among the rulers of Judah;  
for from you shall come a Ruler  
who will shepherd My people Israel.’”

7 Then Herod summoned the wise men secretly and ascertained from them what time the star had appeared.

8 And he sent them to Bethlehem, saying, “Go and search diligently for the child, and when you have found Him, bring me word, that I too may come and worship Him.”

9 After listening to the king, they went on their way. And behold, the star that they had seen when it rose went before them until it came to rest over the place where the child was. 10 When they saw the star, they rejoiced exceedingly with great joy.

11 And going into the house they saw the Child with Mary His mother, and they fell down and worshiped Him. Then, opening their treasures, they offered Him gifts, gold and frankincense and myrrh.

12 And being warned in a dream not to return to Herod, they departed to their own country by another way.

**We saw His star when it rose and have come  
to worship Him. Matthew 2:2**

**40-09 The Wisemen Worship Jesus  
Poster - Bilingual**

*www.GodsPeopleStudy.org*  
*Bible Verses are English: ESV and Shona:*  
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*



# Vachenjeri Vanonamata Jesu

## Mateo 2:1-12

1 Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea munguva yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva vakasvika muJerusarema, 2 uye vakabvunza vakati, “Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha? Takaona nyeredzi yake kumabvazuva, uye tauya kuzomunamata.”

3 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika kwazvo pamwe chete neJerusarema rose. 4 Kuzoti akakokera pamwe chete vaprista navadzidzisi vomutemo, akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu. 5 Vakapindura vachiti, “MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa nomuprofita achiti:

6 ‘Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea hausu muduku pamadzimambo ose aJudha, nokuti mauri muchabuda mutongi uyo achava mufudzi wavanhu vangu valsraeri.’”

7 Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda akavabvunzisisa nguva chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. 8 Akavatuma kuBheterehema akati, “Endai mundotsvakisisa mwana uyu. Kana muchinge mamuwana, mugondizivisawo kuitira kuti neniwo ndigoenda kundomunamata.”

9 Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo, vakapfuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga vaona kumabvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira panzvimbo paiva nomwana. 10 Pavakaona nyeredzi, vakafara kwazvo. 11 Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata. Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe, nezvinonhuwira nemura. 12 Uye vakati vayambirwa mukurota kuti vasadzokera nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo neimwe nzira.

